



Kijan pou Mande Tribinal la Chanje/Ranfòse yon Lòd sou Dosye w oswa Fè demann pou pran lòt dispozisyon sou Dosye w (Demann Milti-fonksyonèl sou Koze Familyal Aprè Jijman)

How to Ask the Court to Change/Enforce an Order in Your Case or Request Another Related Action in Your Case
(Family Multipurpose Post-Judgment Motions – Haitian Creole)

Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?

Ou kab itilize blòk done sa a si w gen yon lòd tribinal ke w ta renmen chanje oswa ranfòse sou divès ou, inyon sivil oswa plasaj.

Mo *demann* ke yo itilize nan blòk done sa a vle di yon demann alekri kote w mande tribinal la pou chanje oswa ranfòse yon lòd ke li te deja emèt. Tribinal la va chanje yon lòd sel si ta gen rezon oswa sikonstans enpòtan ki chanje depi lè lòd la te emèt. Sa a diferan de *rekou dapèl* la.

Tout demann ki gen rapò ak koze Familyal gouvènè pa Règ 5:5-4 Tribinal la; demann ou an fèt pou swiv tout egzijans règ sa a. **Amwens ke li ta endike le kontrè, blòk done sa a pou izaj dosye ki gen nimewo kalandriye jidisyè "FM" sou li.

Men kèk tip demann kote w kab itilize blòk done sa a:

- Demann pou ogmante oswa redwi peyman sou pansyon alimentè pou timoun.
- Demann pou sispann oswa kontinye ak pansyon alimentè pou timoun.
- Demann pou ogmante, redwi oswa sispann pansyon alimentè oswa peman sipò pou konjwen ou.
- Demann pou chanje tout aranjman responsabilite yon timinè.
- Demann pou chanje dwa vizit/ak tout aranjman pou pase tan ak timoun la sou dosye w la.
- Demann pou fè respekte tout dwa plenyan yo. (Ki enkli men pa limite a fè respekte responsabilite pou timoun la, tout frè lekòl, vizit, pansyon alimentè pou timoun ak pansyon alimentè oubyen tout lòd peman sipò konjwen ou.)
- Demann pou timoun la emansipe (sispann obligasyon pansyon alimentè a).
- Demann pou mande ranbousman tout frè medikal yo.
- Demann pou chanje konte kote yap tande dosye w an (Chanjman Dèlye).
- Demann pou demenaje (Re-lojman) timoun.
- Tout tip divès demann sou koze Familyal ki gouvènè pa Règ Jidisyè 5:5-4 la.

- Demann pou reprann non jènfi w aprè yon divòs. **Remak:** Si jijman divòs ou an stipile ke w kab reprann non jènfi w, ou pa bezwen itilize blòk done sa a, epi tou, w kab aplike pou yon nouvo kat sekirite sosyal gratis nan biwo Social Security Administration la.
- Demann pou rekonsidere ka w a (**FM, FD or FV**).
- Demann pou yo retabli plent divòs ou a.
- Yon demann youn nan pati yo pou kontrekare repons a youn nan demann ki enimerè anlè a.

PA konplete blòk done sa a si lòd tribinal dosye w a mande pou peye pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè oswa sipò konjwen ou dirèk ba w, epi sel demann ou se pou peyman sa yo fèt atravè Depatman Libète Kondisyonèl la.

Remak: Se Biwo Administratif Tribinal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt yo. Gen chanjman ki fèt nan direktiv yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribinal yo. Dènye vèsyon **fòm yo** ap disponib nan palè jistis konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistis njcourts.gov. Men, se oumenm ki finalman responsab pou kontni tout dokiman tribinal yo.

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

Deskripsyon Demann ou Kab Prezante ak Blòk Done sa a

Remak: Blòk done sa a fèt pou itilize nan tout dosye ki komanse ak lèt "FM" yo, eksepte si se yon demann pou rekonsidere (paj 4), ki kab itilize ak lèt "FM", "FD", ak "FV" yo.

Demann pou Ogmante oswa Redwi peman Pansyon Alimantè pou Timoun:

Si w ap resevwa peyman pansyon alimantè pou timou, ou kab depoze demann sa a pou mande tribinal la pou ogmante montan pansyon alimantè pou timoun ke w ap resevwa a. Si se w kap peye pansyon alimantè pou timoun, ou kab itilize blòk done sa a pou depoze yon demann pou mande tribinal la pou redwi montan pansyon alimantè pou timoun ke w dwe peye a.

Demann pou Sispann oswa Kontinye ak Pansyon Alimantè pou Timou:

Nouvo Lwa pou Sispann peyman Pansyon Alimantè pou Timoun la (*N.J.S.A. 2A:17-56.67 et seq.*), ki te rantrè an vigè le 1 fevriye 2017 pèmèt ou tèmine ak obligasyon pou Pansyon Alimantè Timoun. Se yon dwa (otomatik) pou moun ki sou gad yon lòt moun ki atenn laj de 19 lane. Si w ap dispite ekspirasyon obligasyon pansyon alimantè timoun la oubyen si w ap dispite obligasyon pou kontinye sipòte moun ki sou gad yon lòt ki depase 19 lane a, ou kab sèvi ak blòk done sa a. Si w ap mande antretyen finansye pou moun ki sou gad ou epi ki depase 23 lane, w kab itilize blòk done sa a tou.

Demann pou Ogmante, Redwi oswa Sispann Pansyon Alimantè:

Ou kab itilize blòk done sa a pou mande tribinal la pou swa ogmante, redwi oubyen diskontinye obligasyon pansyon alimantè ki te òdone anvan a.

Demann pou Chanje Aranjman konsènan Responsabilite yon Timinè:

Si jij kab jere dosye w a, emèt yon lòd Gadyen Legal ki presize tout aranjman konsènan responsabilite timoun la ant ou ak lòt pati a, epi w ta renmen chanje aranjman sa a, ou kab itilize blòk done sa a pou mande tribinal la chanje lòd ki di w responsab timoun la.

Demann pou Chanje Dwa Vizit/Ak tout Aranjman pou pase tan ak timoun la:

Ou kab itilize blòk done sa a pou mande jij la chanje lòd vizit ki te òdone anvan ak/oswa aranjman pou pase tan ak timoun la.

Demann pou Ranfòse Dwa Plenyan:

Si w genyen yon lòd tribinal sou dosye w ki di lòt pati a pou fè oswa pa fè yon bagay, epi lòt pati a pa swiv lòd tribinal la, ou kab itilize demann sa a pou mande tribinal la pou asire ke lòt pati a konfòmèl ak lòd la.

Demann pou Timoun ki Emansipe:

Mo Emansipe defini lè yon timoun rive pran endepandans li poukont li. Men kèk egzanp de kilè sa ka fèt:

- Timoun la gen 18 lane e li pa lekòl a plen tan, oubyen sa ki ta vinn an premye.
- Timoun la marye.
- Timoun la rantrè nan lame.

Demann pou Ranbousman Frè Medikal:

Si w peye sèten frè medikal pou pitit ou epi w ta renmen lòt pati a ranbouse w pou frè sa yo, w kab itilize blòk done sa a pou mande tribinal la òdone lòt pati a ranbouse w pou tout frè medikal sa yo.

Demann pou Chanje Konte kote yo te tande ka a (Chanjman dèlye):

Si w ta renmen mande ke tribinal la chanje konte kote w pral depoze tout lòt dokiman ak kote ya va tande ka divòs ou an nan lavni, ou kab mande yon chanjman dèlye.

Demann pou demenaje (Re-lojman) Timoun:

Lè yon paran ki gadyen legal timoun vle demenaje de Noudjèze, paran sa a fèt pou swa genyen yon konsantman alekri de lòt paran a oubyen yon lòd tribinal ki pèmèt re-lojman a. Si paran ki pa gadyen legal la pa konsanti a re-lojman timoun la, lè sa a, paran kap mande re-lojman a fèt pou depoze yon demann nan tribinal la pou mande sekou pou re-lojman a.

Divès Demann ki Gouvènè pa Règ Jidisyè 5:5-4 (Lòt Demann pou Koze Familyal):

Blòk done sa a kab itilize pou tout demann ki pa enimerè anlè a men ki egzije konsiderasyon tribinal la ak desizyon yon Jij nan Tribinal Koze Familyal.

Demann pou Rekonsidere yon Lòd Tribinal nan Koze Familyal (FM, FD oswa FV):

Demann pou Rekonsidere sèvi pou mande tribinal la pou li rekonsidere desizyon li te emèt la nan 20 jou apati de dat lòd li te emèt la ba w. Yon demann pou rekonsidere depoze nan tribinal ak revize pa menm jij ki te pran desizyon ke w ap mande pou li chanje a. Ou kab prezante yon demann dapèl tou nan Tribinal Dapèl nan 45 jou apati de dat ke tribinal la te emèt lòd la. Mèzalò, sa se yon pwosesis diferan. Ou gendwa li enfòmasyon konsènan yon rekou dapèl nan paj 7 blòk done sa a. Si w ta pito depoze yon rekou dapèl olye de yon modifikasyon, ou kab itilize fòm CN 10837 - [How to Appeal a Trial Court, Tax Court or State Agency Decision](#) ke w ap jwenn sou sit web njcourts.gov.

Demann yon pati pou kontrekare repons a youn nan Demann ki enimerè anlè a (Pou tout Ka):

Yon demann yon pati pou kontrekare repons a yon demann, se yon demann ki eseye kontrekare demann pati opozan a depoze. Youn nan egzanp ta kab ke plenyan a depoze yon demann pou mande gad timinè a epi konparan a depoze yon demann pou kontrekare demann pou sèvi de gadyen legal menm timinè a.

Definisyon dosye ki komanse ak lèt FM, FD oswa FV:

Dosye FM yo se sa yo dekri antan ke ka "konjigal divòs" kankou ka divòs de yon maryaj, revokasyon inyon sivil, revokasyon plasaj.

Dosye FD yo se sa yo dekri antan ke ka konjigal san divòs, ki enkli tout ka ki gen rapò ak paran ki pa marye, oswa lòt granmoun kap chache jwenn yon lòd tribinal pou yon timinè. Pou chanje oswa ranfòse lòd konjigal san divòs FD ou a, itilize fòm CN 11492 - [How to File a Request to Modify a Non-Dissolution “FD” Court Order Previously Issued by the Court](#) ki disponib sou sit web nou a nan njcourts.gov.

Dosye FV yo se sa yo dekri antan ke tout plent ak lòd pou ka vyolans familyal. Pou chanje oswa ranfòse lòd FV ou a, kontakte Tribinal Koze Familyal la nan konte kote dènye odyans sou dosye a te fèt.

Kijan pou respekte delè yo?

Ou fèt pou notifiye lòt pati a alekri lè w ap mande tribinal la ba w yon odyans pou demann la. Avi sa a fèt pou li gen ladann lè ak dat odyans demann la pwograme. Ale anba kesyon dat pou demann nan Avi pou Demann (Fòm A) pou ka konprann delè yo.

Lòt pati a oswa avoka lòt pati a fèt pou resevwa tout dokiman sa yo omwen nan 24 jou ouvrab anvan yo pwograme odyans pou tribinal la konsidere demann la. **REMAK:** Si se pa lapòs ke w ap voye demann la, ou fèt pou voye l omwen 27 jou ouvrab anvan yo pwograme odyans pou tribinal la konsidere demann la. Sa bay 3 jou ouvrab pou lapòs ak livrezon.

Soumèt tout fòm konplete yo an liy sou sistèm Transmisyon Elektwonik Dokiman Jidisyè/Judiciary Electronic Submission (JEDS) la. Wap jwenn JEDS la sou sit web njcourts.gov. Si w pa kab soumèt dokiman ou yo pa vwa elektwonik, ou kab voye yo ba Tribinal koze Familyal ki te emèt lòd la w ap eseye chanje oswa dènye tribinal ki te gen yon odyans sou dosye w a pa lapòs. W ap jwenn tout adrès Tribinal Koze Familyal yo sou njcourts.gov.

Remak: Ou kab transmèt tout aplikasyon yo pa vwa elektwonik (telechaje) sou sistèm Transmisyon Elektwonik Dokiman Jidisyè (JEDS) nenpòt ki lè; mèzalò, anplwaye Tribinal Sipèrye a va revize yo nan lè travay nòminal ouvrab.

Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Reprazante tèt ou nan Tribinal

Eseye Angaje Yon Avoka

Lalwa, tout prèk nesès yo pou prezante yon ka, ansanm ak tout règleman ki gouvènè ka nan Seksyon Koze Familyal la konplike anpil. Li rekomandab pou fè tout efò posib pou jwenn èd nan men yon avoka. Si w pa gen mwayen pou peye yon avoka, ou gendwa kontakte pwogram sèvis jiridik yo. W ap jwenn nimewo telefòn yo an liy anba “Legal Aid” oswa “[Legal Services](#).”

Si w pa ta kalifye pou resevwa sèvis legal gratis epi w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou gendwa kontakte Bawo nan konte w a. Pifò nan Bawo yo gen yon Sèvis Rekomandasyon pou Avoka ([Lawyer Referral Service](#)). Sèvis County Bar Lawyer Referral la kab founi ak non avoka ki nan zòn ou a, epi ki dispoze pou jere tip dosye w an an patikilye epi ya p ba w konsiltasyon a pri redwi.

Genyen yon seri de òganizasyon avoka pou minorite atravè Noudjèze, ansanm ak òganizasyon avoka ki jere tip dosye espesyalize sa yo. Mande youn nan anplwaye Tribinal Koze Familyal nan konte w a pou yon lis sèvis rekomandasyon avoka ki gen ladann tout òganizasyon sa yo.

Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Reprazante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou reprazante tèt ou poukont ou nan tribinal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribinal la. Ou oblije obeyi tout Règleman tribinal la, menm si ou abitye avèk yo. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribinal la kapab epi pa kapab fè pou w. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribinal la pou ede w.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribinal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribinal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribinal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribinal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribinal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribinal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou *kapab* ba w nimewo telefòn yon sèvis rekomandasyon avoka zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la deyò tribinal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la bay.

Kenbe Kopi Tout Papye Yo

Kenbe ak fè kopi tout lòd siyen, antant alekri yo, Jijman Divòs, Komantè sou done dosye yo, ak tout lòt dokiman enpòtan ki gen rapò ak dosye w a.

Livrezon dokiman a Moun ki koresponn la

Enstriksyon sou blòk done sa a ap mande w pou soumèt pa vwa elektwonik, lapòs, livrezon oswa livrezon pa yon isye eksplwatan, kourye, oswa yon tyès pati granmoun san patipri, tout kopi lèt, demann, sètifikasyon, lòd oswa tout lòt dokiman ba avoka kap reprezante lòt moun la nan ka a. Mèzalò, si lòt moun nan ka a pa ta gen avoka epi lap reprezante tèt li, alòkile w fèt pou voye tout kopi sa yo ba moun la.

Pou soumèt dokimantasyon ou pa vwa elektwonik nan yon nouvo oswa dosye ki deja ekziste nan tribinal la, itilize Sistèm Transmisyon Elektwonik Dokiman Jidisyè /**Judiciary Electronic Document Submission (JEDS) system (JEDS)**. (Avoka yo kab itilize sistèm sa **sèlman** si tip dosye a pa disponib sou eCourts.) Klike sou lyen swivan a pou plis enfòmasyon konsènan sistèm JEDS system (ki gen ladann kesyon ki poze le pli souvan FAQ's) ak kijan pou enskri w pou ka itilize sistèm: njcourts.gov.

Remak: Tout aplikasyon kab soumèt pa vwa elektwonik (telechaje) nan sistèm Transmisyon Elektwonik Dokiman Jidisyè/Judiciary Electronic Document Submission (JEDS) system (JEDS) a nenpòt ki moman; mèzalò, anplwaye Tribinal Sipèrye a va revize yo pandan lè nòmal ouvrab yo.

Si w voye dokiman ou yo pa lapòs, ou fèt pou voye yo ba lòt pati a pa lapòs nòmal ak lèt rekomande siyen akize resepsyon. Sa va ba w yon resi lapòs ansanm ak yon ti kat vèt ki kab sèvi kòm prèv sèvis. Biwo lapòs ou a kab di w kijan pou voye bagay pa lèt rekomande siyen akize resepsyon.

Si w ap itilize yon granmoun kom tyès pati ki pa nan patipri pou sèvi papye yo, ou fèt pou founi tribinal la ak yon afidavid sèvis.

Si se w ki pral sèvi papye yo an pèsòn ba pati opozan a, ou fèt pou kole yon rekonesans notarye de avi a nan men pati kap resevwa papye yo (Fòm H).

Si w ta renmen Fè Rekou Dapèl, atravè yon Demann

Yon rekou dapèl se yon demann alekri ki mande yon tribinal sipèrye pou li revize desizyon Jij la ak chanje desizyon jij la. Ou fèt pou prezante demann sa a apati de 45 jou aprè jij la finn deside ka a ak siyen jijman nan Tribinal Sipèrye a.

PA ITILIZE blòk done sa yo si w vle prezante yon rekou dapèl pou yon lòd tribinal. Si w ta renmen prezante yon rekou dapèl olye de yon modifikasyon, w a va itilize fòm CN 10837 - [How to Appeal a Trial Court, Tax Court or State Agency Decision](#) (Kijan pou fè rekou dapèl ba yon Tribinal nan pale jistis, tribinal koze Kontribisyon oswa Desizyon yon Ajans Leta pran) ke w ap jwenn sou sit web nou a njcourts.gov.

Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a

Granmoun ki pa Nan patipri (*Adult Neutral Party*) - Yon *granmoun ki pa nan patipri* se yon tyès pati ki pa nan patipri ki pa gen okenn enterè finansye, ofisyèl, pèsònèl nan yon polemik, dispit oubyen koze.

Afidavid (*Affidavit*) - Yon *affidavid* se yon deklarasyon alekri ki prezante ba tribinal la lè w depoze dokiman nan tribinal la kote w sèmante ke enfòmasyon ki parèt sou tout dokiman yo se la verite.

Fè apèl (*Appeal*) - Yon *rekou dapèl* se yon demann alekri ki mande yon tribinal sipèrye pou revize desizyon jij la epi chanje desizyon jij la.

Peyman an reta (*Arrears*) - Mo *peyman an reta* vle di tout pansyon alimantè timoun, pansyon alimantè oubyen peyman sipò konjwen ki pa peye oswa an reta.

Lejann (*Caption*) - *Lejann* se jan non pati yo te ekri nan dokiman orijinal ki te prezante nan divòs ou a. Si se Plenyan ou te ye oswa Konparan w ap toujou rete Plenyan oubyen Konparan pou tout dokiman ou ta prezante nan lavni.

Sètifikasyon (*Certification*) - Yon *sètifikasyon* se yon deklarasyon alekri ke w prezante ba tribinal la lè ou depoze tout papye w yo, kote w sèmante ke enfòmasyon ki nan papye yo se laverite.

Konparan (*Defendant*) - *Konparan a* se moun ke w mennen devan leta lè w te premye antame ka a nan tribinal.

Prèv yo (*Exhibits*) - *Prèv yo* se tout papye ak enfòmasyon ou founi pou sipòte sa ki nan demann ou a.

Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka Familyal (CIS) (*Family Case Information Statement (CIS)*) - *Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka Familyal la CIS* eksplike tribinal la eta finans ou nan le pase ak eta finans aktyèl ou. Si w ap prezante yon demann tip FM epi w ap mande pou nenpòt ki èd monetè kankou ogmantasyon oswa rediksyon nan sipò, ou fèt pou konplete ak depoze yon kopi dènnye CIS ke w te soumèt ba tribinal la ak konplete nouvo a ansanm ak CIS ajou a. W ap kab jwen CIS ke w fèt pou itilize ak blòk done sa a nan [Self-Help Resource Center](#) (Sant Resous Sèvis Lib).

Depoze (*File*) - *Depoze* yon plent vle di remèt tout fòm apwopriye yo ba tribinal la pou tribinal la ka komanse konsidere demann ou a.

Transmisyon Elektwonik Dokiman Jidisyè (*Judiciary Electronic Document Submission (JEDS) system*) - Sistèm JED a se yon sistèm transmisyon dokiman elektwonik pou plenyan kap reprezante tèt yo epi pou ka soumèt tout dokiman yo ba tribinal la. Avoka yo kab itilize sistèm JED a **sèlman** nan **dosye** ki pa jere atravè eCourts.

Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a (kontinye)

Demann (*Motion*) - Yon *demann* se yon demann alekri kote w mande tribinal la pou li emèt yon lòd, oswa chanje yon lòd ki deja emèt, ***oubyen mande tribinal la pou li pran kèk lòt desizyon konsènan dosye w a.***

Lòd (*Order*) - Yon *lòd* se yon papye jij la siyen ki pase lòd pou yon moun fè yon bagay.

Pati (*Party*) - Yon *pati* se yon moun, biznes, oswa ajans gouvènmantal ki fè pati aksyon ki antame nan tribinal la.

Plenyan (*Plaintiff*) - *Plenyan a* se moun ki antame aksyon orijinal la nan tribinal.

Pledman (*Pleading*) - Yon *pledman* se yon deklarasyon alekri de chak pati konsènan reklamasyon yo oubyen repons a reklamasyon a.

Moun ki reprezante tèt li (*Pro Se*) - Mo *pro se* a vle di ke w ap reprezante tèt ou nan tribinal san avoka.

Isye Eksplwatan (*Process Server*) - Yon *Isye Eksplwatan* se youn moun kankou pa egzantp (sheriff oswa Isye Delege Tribinal) ki sèvi tout manda yo ak manda damne yo elatriye)

Èd/Sekou (*Relief*) - Mande pou *èd/sekou* se mande tribinal la pou l fè kichoy

Sèvis manda damne (*Service*) - *Sèvis Manda damne* vle di sèvi yon manda, sitasyon, oswa tout lòt papye legal ba moun ki fèt pou reponn la.

Chanjman Enpòtan (*Substantial Change*) - Yon *chanjman enpòtan*, jan li itilize nan blòk done sa a, vle di chanjman enpòtan ki fèt nan sitiyasyon ou oubyen sikonstans ki afekte ka w a.

Tyès Pati (*Third Party*) - Yon *tyès pati* se yon moun oswa gwoup andeyò de toude pati ki pa enplike nan sitiyasyon a, espesyalman yon dispit.

Manda (*Warrant*) - Yon *Manda* se yon avi ke yo emèt ba fòsdelòd pou arete yon moun di moman yo jwenn li.

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papyè blan 8 ½" x 11" sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papyè ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè. Itilize sèlman tout fòm ki fè pati blòk done sa a. Asire w ke w kenbe yon kopi pou dosye pèsònèl ou.

Tout Pazaswiv pou Depoze yon Demann

Si w ap depoze yon demann pou Ogmante/Redwi/Sispann peyman pansyon alimantè, ou fèt pou konnen ke Noudjèze itilize Direktiv Pansyon Alimantè pou Timoun lè lap detèmine montan pansyon alimantè pou timoun la (*Règ Jidisyè 5:6A N.J.*). W ap jwenn yon kopi tout Règ Jidisyè Noudjèze yo disponib nan tout bibliyotèk dwa yo ak sou njcourts.gov.

PA 1: Ranpli *Notice of Motion* (Avi de Demann la) (Fòm A)

Avi de Demann la ap di tribinal la ansanm ak lòt pati a tout sa w ta vle tribinal fè. La di lòt pati ka a tou, ansanm ak tribinal la, dat yap tande demann la.

PA 2: Resevwa yon dat pou Demann la

Ou fèt pou jwenn yon dat ou vle tribinal la tande demann ou a. Ale sou sit njcourts.gov ([calendars-schedules-agendas](#)). Chwazi yon dat nan vandredi ki bay sifizaman tan pou ka reponn a tout sèvis, epi ak tout delè pou repons yo. Ekri dat la sou fòm Avi pou Demann la.

REMAK: Dat yo deziye w a kab chanje selon kalandriye jij la. Si sa ta rive, tribinal la va kontakte w ak tout lòt pati ki mansyone sou papyè yo.

PA 3: Ranpli *Confidential Litigant Information Sheet* (Papyè Enfòmasyon Konfidansyèl Plenyan a)

Bi *Confidential Litigant Information Sheet* (Papyè Enfòmasyon Konfidanstèl Plenyan a) (CN 10486), se pou asire presizyon nan tout dosye w yo. Ou fèt pou konplete fòm sa a nenpòt ki lè w ap depoze pledwari yo (pa jis pou premye pledwari a) ki gen pou wè ak pansyon alimantè, antretien, pansyon alimantè pou timoun, tan pou pase ak timoun la, dwa vizit oswa patènite. Konplete fòm la an antye. **PA KITE** okenn espas vid. Si gen yon bagay ki pa aplike a w, mete "N/A". Ou kab jwenn fòm sa a sou sit web njcourts.gov.

PA 4: Ranpli *Certification in Support of Motion* (Sètifika ki sipòte yon Demann) (Fòm B)

Sou *Certification in Support of Motion* (Sètifika ki sipòte Demann la) tape oswa enprime rezon espesifik yo pouki ou panse tribinal la ta fèt pou dakò pou l fè bagay ou mande sou Avi Demann la. Tout rezon ou bay tribinal la fèt pou baze sou fè ke w konnen ki veridik. Tape oswa enprime tout detay konsènan evenman yo ki pouse w depoze demann la.

Ou fèt pou enkli ak fòm Sètifika ki finn ranpli a yon kopi tout lòt ansye lòd yo. Sonje pou **siyen** ak mete **dat** sou fòm la. Ou fèt pou akonpaye l de tout lòt papyè ka va pwouve ke sa w ap di yo sou Sètifika a se laverite, kankou souch chèk salè w, oswa deklarasyon kontribisyon yo. Tout lòt lòt papyè sa yo se sa yo rele "*prèv*" (exhibits).

PA 5: Ranpli *Proposed Order* (Pwopozisyon Dekrè a) (Fòm C) amwens ke w ap mande pou etabli, ogmante oswa redwi sou pansyon alimantè timoun la (ale nan “Remak”)

Ou fèt pou enkli nan *Proposed Order* (Pwopozisyon Dekrè a) (Fòm C) tout sa w ap mande tribinal la sou Avi Demann ou a. Si jij la pa dakò ak tout sa w mande a, jij la ta kab chanje *Proposed Order*/Pwopozisyon Dekrè ou a. **Orijinal la ansanm ak de kopi Lòd Pwopozisyon Dekrè a fèt pou kole** ak Avi Demann ou a lè w ap soumèt li ba tribinal la, ansanm ak anvlop adrese w tou tenbre.

Remak: PA ITILIZE fòm sa a si se mande w ap mande pou etabli yon nouvo lòd pou pansyon alimantè timoun, oswa pou ogmante oubyen redwi obligasyon pansyon alimantè timoun aktyèl la. Si se mande w ap mande pou etabli yon pansyon alimantè pou timoun oswa pou ogmante oubyen redwi obligasyon pansyon alimantè aktyèl la, ou fèt pou ranpli fòm [Uniform Summary Support Order \(USSO\)](#) (CN 10284), ke w ap jwenn sou sit web [njcourts.gov](#).

Si jij la akòde demann ou a aprè odyans la, jij la va siyen swa yon Proposed Order/Pwopozisyon dekrè a oubyen USSO a.

PA 6: Ranpli *Certification of Filing and Service* (Sètifikasyon Ke w depoze demann la ak tout Sèvis) (Fòm D)

Fòm sa a di tribinal la dat ke w te voye pa lapòs oswa fè livrezon tout kopi dokiman yo ba lòt pati a oswa avoka lòt pati a, ak ki metòd ekspedisyon ou te itilize (isye eksplwatan, kourye, granmoun tyès pati; an pèsòn; oswa pa lapòs nòmal ak lèt rekomande siyen akize resepsyon).

PA 7: Ranpli *Notice to Litigants* (Avi ba Pledan yo) (Fòm E)

Fòm Avi pou Pledan yo (*Notice to Litigants*) fè lòt pati a konnen kijan pou li reponn a Avi pou Demann ou a. **Demann ou a ta ka rejte si dokiman demann ou pa gen ladann Avi ba Pledan yo.**

PA 8: Ranpli *Statement for the Probation Division* (Deklarasyon pou Seksyon Libète Kondisyonèl la) (Fòm F)

Ranpli fòm sa a **SÈLMAN** si lòd pansyon alimantè pou timoun ou a se Seksyon Libète Kondisyonèl kap jere l epi w ta renmen chanje l.

Ou fèt pou ranpli fòm sa a si w ap depoze yon Demann pou Ogmante, Redwi oswa Sispann tout peyman Pansyon Alimantè pou Timoun ki swa pase pa oubyen peye pa Seksyon Libète Kondisyonèl la. Fòm sa a va ede Seksyon Libète Kondisyonèl la konnen sa tribinal la òdone pou li kab kenbe kont tout peyman pansyon alimantè pou timoun sou dosye a. Si w **pap** peye oswa resevwa pansyon alimantè pou timoun atravè Seksyon Libète Kondisyonèl la, men se depoze w ap depoze yon Demann pou Ogmante, Redwi, oswa Sispann tout peyman Pansyon Alimantè pou Timoun la, **PA RANPLI** fòm sa a. Ale pito nan PA 9 la.

PA 9: Ranpli *Case Information Statement* (CIS) (Deklarasyon Enfòmasyon sou Dosye a - CIS)

Si se depoze w ap depoze yon demann tip FM epi w ap mande pou nenpòt ki tip èd monetè kankou ogmantasyon oswa rediksyon nan sipò a, epi w te deja ranpli yon CIS nan ka sa a; ou fèt pou depoze yon kopi dènnye CIS ke w te soumèt ba tribinal la. Ou fèt pou konplete yon nouvo

CIS ki ajou, epi depoze yon kopi ba tribinal la tou. (Sa vle di ke w ap kole de fòm CIS nan demann aktyèl ou a.) Deklarasyon Enfòmasyon sou de dosye yo prezante ba tribinal la eta finans ou nan le pase ak eta finans aktyèl ou a, epi toude fèt pou kole ak Avi Demann la. Asire w ke w kole prèv revni w (egzanp, souch chèk salè w, deklarasyon ou fè nan kontribisyon, elatriye).

W ap bezwen enkli ladann tou, yon fòm CIS san ranpli nan blòk done tout papye ke w ekspedye pa lapòs (oswa livre) ba lòt pati a. Lòt pati fèt pou konplete CIS la ak ekspedye pa lapòs (oswa livrezon) yon kopi tou ranpli retounnen ba w, ansanm ak yon kopi tou ranpli ba tribinal la.

W ap jwenn [Case Information Statement](#) (CN 10482) (Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka a) sou sit web [njcourts.gov](#).

PA 10: Ranpli *Letter to the Clerk* (Lèt pou Grefye a) (Fòm G)

Ranpli lèt pou Grefye Tribinal Sipèrye a. Lèt sa a fèt pou parèt an premye nan blòk done tout dokiman w ap depoze nan tribinal la. **Ou fèt pou enkli nan lèt la** yon anvlòp deja adrese, ak tenbre.

Pou dosye tip FM (divòs konjigal): enkli yon chèk oswa Manda Postal pou \$50 sou non ***Treasurer, State of New Jersey***. **PA VOYE** lajan kash.

Tip dosye FV (Vyolans Familyal) pa mande frè anrejistreman.

PA 11: Tcheke fòm ou ranpli epi fè kopi yo

Tcheke tout fòm ou yo ep asire w ke yo byen ranpli. Retire tout paj enstriksyon yo. Asire w ke w siyen tout fòm yo kote li nesèsè.

Ou oblije fè twa kopi tout fòm ranpli yo sou blòk done a an antye, ak 2 kopi ekstra pwoposizyon dekrè a. Kenbe yon kopi tout blòk done a. Kenbe yon kopi tout blòk done a pou dosye pèsònèl ou.

Nan 12zyèm pazaswiv la yap mande w pou voye swa pa lapòs oubyen pou telechaje tout dokiman yo ba tribinal la. Lis kontwòl ki swiv la va ede w asire ke blòk done w a konplè.

Lis tout sa pou fè

Asire w ke w genyen swivan atik sa yo epi ke yo an òd:

_____ *Letter to the Clerk of the Superior Court* (Lèt pou Grefye Tribinal Sipèrye a) (Fòm G).

_____ Chèk oswa Manda Postal \$50 (Dosye FM sèlman). Fè chèk la a non ***Treasurer, State of New Jersey***. **Pa voye** lajan kash. Si w peye an pèsòn, kenbe resi a pou dosye pèsònèl ou.

_____ Yon anvlòp adrese a w menm tou tenbre pou lòd tribinal la ke ya va voye ba w pa lapòs (si w pat chwazi pledwari oral).

_____ *Notice of Motion* (Avi de Demann la) (Fòm A), *Certification in Support of Motion* (Sètifika pou Sipòte Demann la) (Fòm B).

_____ Nenpòt ki dokiman pou sipòte demann ou a (se sa yo rele prèv yo), enkli tout ansyen lòd.

_____ *Proposed Order* (Pwopozisyon Dekrè) (Fòm C) oswa *Uniform Summary Support Order* (CN 10284) (Lòd Refere Inifòm), *Certification of Filing and Service* (Sètifikasyon ke w depoze ka a ak Sèvis) (Fòm D), *Notice to Litigants* (Avi Pledan yo) (Fòm E), *Statement for the County Probation Division* (Deklarasyon Seksyon Libète Kondisyonèl) (Fòm F) e si li ta nesese (swiv PA # 8 la).

_____ Deklarasyon sou Enfòmasyon Dosye ansyen a Case Information Statement (CIS) (Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka) a, ansanm ak dosye aktyèl la (CN 10482), si li ta aplikab.

PA 12: Soumèt pa vwa elektwonik, lapòs, livrezon oubyen fè livrezon blòk done w a ak tout dokiman ranpli yo ba tribinal la ansanm ak lòt pati sou dosye a

Soumèt pa vwa elektwonik, lapòs, livrezon oubyen fè livrezon orijinal la ak yon kopi tout fòm yo, **ak 2 kopi adisyonèl lòd pwopozisyon dekrè a ba tribinal la.**

Pou soumèt dokimantasyon ou pa vwa elektwonik pou yon ka nouvo oswa ansyen ka ki deja depoze ba tribinal la, itilize **Judiciary Electronic Document Submission (JEDS) system (Sistèm Transmisyon Elektwonik Dokiman)**. (Avoka yo kab itilize sistèm sa a sèlman pou tip dosye ki pa disponib sou eCourts.) Klike sou lyen swivan an pou plis enfòmasyon konsènan sistèm JEDS la (enkli tout Kesyon ak Repons ki poze le pli souvan FAQs) ak kijan pou anrejistre pou sèvi ak sistèm la: njcourts.gov.

Remak: Ou kab soumèt tout aplikasyon yo pa vwa elektwonik (telechaje) sou Judiciary Electronic Document Submission (JEDS) System (Sistèm Transmisyon Elektwonik Dokiman) nenpòt kilè; mèzalò, anplwaye Tribinal Sipèrye a va revize yo pandan lè ouvrab nòmal.

Ekspedye pa lapòs, livrezon oswa fè livrezon yon kopi blòk done fòm ranpli yo an antye ba lòt pati a oswa avoka aktyèl yo, si w gen enfòmasyon sa a.

Ou kab sèvi blòk done a kòmilfo ba lòt pati oswa avoka li fason swivan sa a: pa lapòs nòmal, lèt rekomande atravè Biwo Lapòs; atravè Isye Eksplwatan oswa sèvis kourye, oubyen atravè yon tyès pati ki granmoun epi ki pa nan patipri (*Ou fèt pou soumèt yon affidavit notarye ba tribinal la si w chwazi metòd livrezon sèvis sa a-fòm la fèt pou notarye omoman sèvis la*) oubyen ou kab fè livrezon blòk done a an pèsòn ba lòt pati a (*ou fèt pou soumèt yon affidavit siyen ba pati ki resevwa liya ba tribinal la si w ta chwazi metòd sèvis sa a-fòm la fèt pou notarye omoman sèvis la*). Ou fèt pou pwouve ba tribinal la ke lòt pati ki pa antame ka a sèvi ak tout papye yo.

Atansyon: Si w ap itilize blòk done sa a pou tip dosye ki komanse ak lèt "FV" pa sèvi blòk done demann sa a an pèsòn. Kontakte Tribinal Koze Familyal la pou enstriksyon adisyonèl sou kijan pou sèvi blòk done sa a.

RAPÈL: Kenbe yon kopi blòk done a an antye pou dosye pèsònèl ou.

Si se pa lapòs w ap voye tout papye yo, ou fèt pou itilize lapòs nomal **ak** lèt rekomande ak siyen akize resepsyon ansanm ak ti kat vèt la. Resi ti kat vèt la se prèv sèvis ke w te sèvi lòt pati a. Biwo Lapòs la kab di w kijan pou voye lèt rekomande ak siyen akize resepsyon.

Enfòmasyon Adisyonèl:

- Si nenpòt nan moun ki nonmen sou Avi Demann la ap resevwa èd nan men gouvènman a epi demann sa a gen pou wè ak pansyon alimantè timoun, ou fèt pou voye yon kopi tou ba ajans Sèvis kap nan konte kap bay moun la èd ak/oswa timoun (yo). Si sa aplike a ka w, alòkile w ap oblije fè yon kopi adisyonèl de tout dokiman ranpli nan blòk done a an antye, ak yon kopi adisyonèl Pwopozisyon Dekrè a.
- Voye pa lapòs, telechaje, fè livrezon oubyen mande fè livrezon yon kopi Deklarasyon Seksyon Libète Kondisyonèl la si w ap depoze yon Demann pou Ogmante, Redwi oswa Sispann tout peyman sipò pou Pansyon Alimantè Timoun ak/oswa Pansyon Alimantè oubyen peyman sipò konjwen epi peyman sa yo kontwòle pa Seksyon Libète Kondisyonèl la.
- Si se w kap fè livrezon demann la an pèsòn, ou fèt pou mande opozan a pou li ranpli fòm Acknowledgement of Personal Service (Akize Resepsyon Sèvis Pèsònèl la) (Fòm H). Fòm sa a fèt pou notarye pa yon Notè Piblik.

DELÈ YO

- Ou fèt pou voye tout papye demann la ba lòt moun nan ka a oswa avoka li **omwen nan 24 jou kalandriye sivil la anvan** demann la pwograme pou yon odyans nan tribinal la.
- Si w ap voye demann la pa lapòs, ou fèt pou ekspedye li **pa pi ta ke 27 jou sou kalandriye sivil la anvan** yo pwograme demann la pou yon odyans nan tribinal la. Sa va bay twa jou pou voye l pa lapòs ak livrezon.

Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Avi de Demann la (Fòm A)

Notice of Motion (Form A)

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

A. Nan antèt fòm la, tape enprime *Name* (non), *Attorney ID Number* (nimewo idantite avoka) (si li aplike), *current Address* (adrès aktyèl ou), *Daytime Phone* (nimewo telefòn pou rele lajounnen), *Cell Phone* (selilè) ak *Email Address* (adrès imèl). Antre *Your Name* (Non ou) epi tcheke si ou se *Plaintiff* (Plenyan a) oswa *Defendant* (Konparan a).

W ap toujou rete menm pati a jan li parèt sou plent orijinal la ki te depoze nan tribinal la. Si se konparan a ou te ye nan plent orijinal la, w ap kontinye konparan nan demann sa a. Si se plenyan ou te ye nan plent orijinal la, w ap kontinye plenyan nan demann sa a.

B. Ekri non *Plaintiff* (Plenyan a) ak *Defendant* (Konparan a) sou liy ki make *Plaintiff* (Plenyan) ak *Defendant* (Konparan), jan li parèt sou lòd orijinal tribinal la.

C. Ekri non *County* (Konte) kote w depoze demann la. Li fèt pou konte orijinal kote yo te fè odyans sou ka a.

D. Ekri *Docket Number* (Nimewo rejis) jan li parèt sou lòd orijinal tribinal la.

E. Bay non ak adrès avoka lòt pati a, si yo gen avoka. Si yo pa gen avoka, ekri non ak adrès lòt pati a.

F. Si w peye oswa resevwa pansyon alimantè timoun atravè Seksyon Libète Kondisyonèl la, ekri non ak adrès Seksyon Libète Kondisyonèl la. **Pa Konplete** sa a si w pa peye oubyen resevwa peyman pou pansyon alimantè timoun atravè Seksyon Libète Kondisyonèl la.

G. Ekri dat odyans demann la sou liy ki swiv aprè *Please take notice that on Friday* (Tanpri remake ke lè vandredi). Tanpri al nan PA # 2 a sou paj 10 la.

H. Ekri non nan liy ki swiv *as the matter may be heard* (odyans koze a ap fèt la) epi chwazi si w se *plaintiff* (plenyan a) oswa *defendant* (konparan a).

I. Ekri non Konte a nan liy ki swiv *Family Part* (Seksyon Koze Familyal). Ekri non konte a sou liy ki swiv mo *at the* (nan). Ekri non vil kote w depoze demann la sou liy ki swiv *County Courthouse* (Palè Jistis Konte).

J. Make tip de demann oswa demann yo si w vle ke tribinal la konsidere ka a. Si w chwazi *Other* (Lòt), tanpri espesifye kisa w vle tribinal la fè.

K. Nan chak paragaf (1-4) ekri yon deklarasyon klè ak tou kout pou eksplike sa w ap mande tribinal la fè: Ekri otan de paragaf ke w ta bezwen. Kèk egzanp de sa w ta ka mete nan seksyon sa a se:

- Pansyon alimantè timoun la ta fèt pou ogmante oswa redwi de \$_____ pa semenn a \$_____ pa semenn;
- Stati gadyen legal pitit mwen a ta fèt pou chanje paske li nan entèrè pitit mwen a;
- Dwa vizit la ta fèt pou ogmante de _____ lè pa semenn a _____ lè pa semenn;
